



Uwo uri wese ubahirizwa


LIGUE BURUNDAISE DES DROITS DE L'HOMME " ITEKA "

BULLETIN HEBDOMADAIRE

"Iteka n'Ijambo"

N°540 Co kuva kuwa 17 gushika 23 Myandagaro 2026

Ryemejwe n'itegeka nshikiranganji numero 530/0273 yo kuwa 10 Munyonyo 1994, risubiramwo itegeko n°550/029 ryo kuwa 6 Ruhuhuma 1991




Mukwibuka umupfasoni Mariya Korodeta Kwizera, umunyabigega w'ishirahamwe Iteka, yabuzwe irengero kuwa 10 Kigarama 2015. Kuwa Kigarama 2015 gushika kuwa 23 Myandagaro 2026, abantu bashika 876 babuzwe irengero niba ishahamwe Iteka ryamenyeshejwe, ni imiburiburi 87 barasubiye kuboneka abandi 789 ntibigeze basubira kuboneka. Umugwi w'igikorwa c'ishirahamwe ry'ibihugu vyunze ubumwe ku kuburwa irengero waramaze kumenyesha Reta y'uBurundi n'imiburiburi abashika 252 babuzwe irengero¹.

Umuhari ITEKA :

- ♦ « Ni umunywanyi w'ishirahamwe mpuzabihugu ryo muri Afirika vyegwa n'agateka ka zina muntu, ni umunywanyi akorana n'urunani mpuzamakungu rw'amashirahamwe aharanira agateka ka zina muntu (FIDH),
- ♦ Rifise akaranga ko kwihweza imbere y'umurwi wa Afirika uharanira agateka ka zina muntu kuri numero ivyerekana OBS.236 kandi ni umunywanyi wa ECOSOC ».

IBIRIMWO

0. INTANGAMARARA.....	5
I. UMWIHWESO	5
II. UBURENGAZIRA BW'ABANTU NO MURI PORITIKE.....	9
III. UBURENGAZIRA BW'IMIBANO'UBUTUNZI N'IMICO KAMA.....	12
IV. UBURENGAZIRA BW'IMIGWI.	14
V. UGUSOZERA N'IBISABWA	15



CDS : Ikigo c'ubuvuzi

CECI : Umugwi wigenga ujejwe gutegura amatora muri komine

CEPI : Umugwi wigenga ujejwe gutegura amatora mu ntara

CNDD-FDD : *Inama y'abanyagihugu iharanira intwaro rusangi-urunanirukingira intwaro rusangi (umugambwe uri ku butegetsi)*

CNL : Ihuriro ry'igihugu riharanira umwidegemvyo

DCE : Ubuyobozi bw'indero muri komine

DPE : Ubuyobozi bw'indero mu ntara

0. INTANGAMARARA.....	5
I.UMWIHWEZO	5
I.1.UMWIHWEZO W'UMUTEKANO	5
I.2. UMWIHWEZO WA PORITIKE	6
I.3.UMWIHWEZO W'INTWARO	7
II. UBIRENGANZIRA BWO KWIGENGA NO MURI PORITIKE.....	9
II.1.UBURENGANZIRA KU BUZIMA	9
II.1.1.ABANTU BISHWE N'ABATARAMENYEKANA CANKE IBIZIGA VYATOWE.....	9
II.1.2. ABANTU BISHWE KUBERA UKWIHORA	10
II.2. UBURENGANZIRA BWO KUDAKUBAGURWA.....	10
II.2.1. UGUSHURASHUZA.....	10
II.2.2. UGUKUBAGURWA CANKE UGUFATWA BUNYAMASWA.....	11
II.3. UBURENGANZIRA KU MWIDEGEMVYO	11
II.3.1. UGUHAGARIKWA BICIYE KUBIRI N'AMATEGEKO.....	11
III. .UBURENGANZIRA KU MIBANO-UBUTUNZI N'IMICO KAMA.....	12
III.1. IHUNGABANA RY'UBUTUNZI.....	12
III.2. UBURENGANZIRA KU NDERO	13
IV. UBURENGANZIRA BW'IMIGWI.....	14
IV. 1. UBURENGANZIRA BW'ABANA	14
V.UGUSOZERA N'IBISABWA	15

Iki cegeranyo cerekana uko agateka ka zina muntu kifashe mu Burundi mundwi yo kuva kuwa 17 gushika ku wa 23 Myandagaro 2026. Muri iki cegeranyo, umuhari Iteka uranihweza ivya poritike, umutekano, hamwe n'intwari. Kirasuzuma kandi ibintu vyerekana ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu no muri poritike vyaranze iyi ndwi.

Ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu ryabonetse kandi katohojwe n'umuhari Iteka ameze ugukwirikira: n'imiburiburi abantu 6 bishwe, harimwo 2 batowe ibiziga n'abana 3 bishwe, hamwe n'abantu 2 bashurashujwe, umuntu 1 yakubaguye hamwe n'umuntu 1 yahagaritswe biciye kubiri n'amategeko.

Ahanini abagirizwa ayo mabi niabo mu ntwaro, abaporisi, abo mw'iperereza hamwe n'urwaruka rw'Imbonerakure ziri mu mugambwe uri ku butegetsi CNDD-FDD.

I. UMWIHWEZO

I.1. UMWIHWEZO W'UMUTEKANO

Itangwa ry'ibikoresho ku mbonerakure mu ntara ya Butanyerera

Kuwa 12 Myandagaro 2026, muri zone Mugendo, muri komine ya Kirundo, intara Butanyerera, umunyamabanga w'umugambwe CNDD-FDD muri komine, umushingantahe HABIMANA Tite, yateguye urugendo mu yahoze ari amakomine y'intara ya Kirundo, nka Kirundo, Vumbi, Bugabira na Ntega.

Kubwo ivyabona mu baba mu karere, imbonerakure zifatwa nk'imboneza zaratumwe iyo nama kugira zihimirizwe ku bibazo vy'umutekano hamwe no guhabwa ibikoresho. Barahawe nk'impuzu z'imvurazisa n'izo igiporisi ca Kongo, hamwe n'ibirato vy'igisoda n'itoshi zikomeye cane. Kuwa 20

Myandagaro 2026, iterabwoba rikorwa n'imbonerakure ryaribonekeje ku nkengera y'ikiyaga Cohoha, aho urugendo rwabaye kuva Kiri gushika Kigina, rufise uburebure bw'ibimetro 20. Ku rundi ruhande, ibintu nk'ivyo biranaba mw'ijoro ku bice bitandukanye vya komine Kirundo. Inama zo mu kinyegero nyinshi zirakorwa kandi ubutumire bukwiragizwa kuri umwe umwe. Ivyo bikorwa vyose biba mu cuka kirangwa n'amajambo ashikirizwa n'indongozi z'igihugu, atumirira kurwanya uRwanda hamwe rwotera uBurundi.

Umuntu umwe yakomerekejwe muri komine Gisuru, intara ya Buhumuza

Kuwa 20 Myandagaro 2026, ku kirindiro ca Munazi, zone Kabanga, komine Gisuru, intara Buhumuza, uwitwa Juvenal Mbonabuca yaratewe hakoreshejwe ikirwanisho kidacira umuriro Jean Tuyisabe, mukumuzibura imbugita incuro zitatu.

Ukuntu yatewe hamwe n'icatumye aterwa ntibiramenyekana. Uwakorewe icaha, Tuyisabe

Jean, yarakomerekejwe aca arafashwa kugira avuzwe. Amaze kugira ivyo, uwikekwako icaha, Mbonabuca Juvénal, yarahungiyeye muri Tanzaniya. Abarongozi babijejwe barabizi kandi ivyatumye iryo bara rigwa ntibiramenyekana. Amatohoza arakenewe kugira hamenyekane uruhara rw'umwe umwe hongere hamenyeka imvo zitomoye z'ico gitero.

Umuntu umwe yarakomerekejwe muri komine Butaganzwa.

Muri komine Butaganzwa, mw'ijoro ryo kuwa 22 Myandagaro 2026 hafi igihe c'isaha 4

1.1. UMWIHWEZO W'UMUTEKANO (Ibikurikira urupapuro 5)

n'igice,urwaruka rw'imbonerakure zo ku mutumba Batye, Zone Muriza zarahagaritse abahita bavuye mu bukwe.Urwo rwarika rwabajije abo bantu iyo bavuye kubera batari bazwi muri ako karere. Baragerageje kwisigura bavuga ko bavuka ku mutumba mubanyi wa Rutonganikwa biba impfagusa.Urwo rwaruka rw' Imbonerakure rwari rwambaye umwambaro w'umugambwe CNDD-FDD kandi rwari rufise imipanga n'ubuhiri.Muri izo mbonerakure,harimwo NSENGIYUMVA Isaïe,umukuru w' Imbonerakure zo kuri uwo mutumba , Jimmy, Eric na Jérémie.

Urwo rwaruka rwatanguye kubakubita hanyuma umuntu yitwa SIRYUYUMUSI Claver aba muri ako karere yariko ararengana

yarashatse kumenya igituma abo bantu bariko bafatwa gutyo baca bamugira nk' a b a n d i . U m u s h i n g a n t a h e C l a v e r yarakomerekejwe n'abamutemye umupanga ku mutwe.Kuwa 23 Myandagaro 2026, uwo batemye yaratwawe ku bitaro Rema vyo mu Ruyigi aho ariko aravurirwa.

Abantu baba muri ako karere ka Batye barababazwa n'iyonyifato y'ubukoko y'urwo rwaruka rw' Imbonerakure bongera basaba koubutungane bwokora kugira bahane abavyagirizwa mu ntumbero yo kurandurana n'imizi iyo nyifato yabaye akamenyero ku rwaruka rw' Imbonerakure na cane cane ko atari irya mbere bagira inyifato nk'iyoy.

1.2. UMWIHWEZO WA PORITIKE

Ikiganiro umunyamabanga mukuru w'umugambwe CNDD-FDD yahaye ibinyamakuru i Makamba mu ntara ya Burunga

Mu kiganuro n'abamenyeshamakuru, kuwa 22 Myandagaro,Révérien Ndikuriyo, umunyamabanga mukuru w'umugambwe CNDD-FDD, yarashikirije ashize amanga a b a n y a g i h u g u a b i c i s h i j e ku bamenyeshamakuru bamutega yompi,aca mu mizi mu majambo yiwe y'inguvu atarimwo ugukekeranya.

Amajambo yiwe menshi yayerekeza ku migwi irwana nka RED-Tabara na FNL,yoyo,uko abibona, yasagirije u Burundi.Ashize amazinda biboneka,yemeza ko iryo terabwoba ritamujugumiza kandi ata imirarwe ku barwanyi 200 000 imbere yo kwiyumvira ku gitero.Ku vyabo abona,abantu nk'abo yobahwamika mukanya isase,indwi zidakwira 3,akabasiga ,kubwo iwe badashobora gutabarwa. Yavuze,n'agasomborotso,ko iyo migwi yotegerejwe gushika ku rubuga hakwitoza mu mwambaro w'igisoda.

Mu majambo yiwe, Révérien Ndikuriyo yarananeguye bimwe bikomeye abarongoye RED-Tabara na FNL,abita abatera akajagari bakoresheje urwamo risubiriza.Uwahoze

arongoye inama nkenguzamateka,yamaze gufata ingingo ko atakuguma mu majambo gusa,yatumiriye abashaka kurwana vy'ukuri ko bobikora,

Akoreshejwe ijwi ryiwe ry'agasomborotso, yashimika ko igitero gishasha,igisirikare c'abantu 200 000 boba bakenewe,ariko yaranyuzwe ko ico cohwa mikwa vyihuta. Ushize ivyiyumviro vyawe muri kahise ka vuba k'Uburundi,yaravuze imigwi yitwaje ibirwanisho yo mu myaka ya 2012,2014 na 2015,ashira imbere ko abasi bese bagerageje kurengana imbibe z'igihugu bishwe.Yamenyesheje ko abatera ubwoba bari hanze bari bakwiye guhagarika impinyanyuro zabo bakongera bakajanjwa n'ibigazweho.Yaranibukije ko ibihugu bitandukanye nka Canada, Ububirigi,Reta zunze ubumwe za Amerika na Kongo bari barasemereye,ariko bemeza ko ivyo bavuga hanwe n'amasanamu mu mwambaro wa gisirikare bidakwiye kugira intambara nshasha itangure.

1.2. UMWIHWEZO WA PORITIKE *(Ibikurikira urupapuro 6)*

Révérien Ndikuriyo, yari kanuriye amashamba n'imbibe, yateguza ko uko kugenzura kwari ku mpande zose uko ari zibiri z'urubibe duhana na Kongo. Kubwo iwe ama zone ashobora gucumbikira abarwanyi ni ntashobora kutabonwa n'abasirikare b'Uburundi.

Mukuvuga Aloys Nzabampema, yabona nk'uwahoze ari umurwanyi wa FNL akaba n'umusuma, yemeza ko uwo atonashobora kurara mu karere avukamwo Ndava, muri kominde Cibitoke, ntibamubone. Yari yibukije umuvuduko wiwe muri icyo ntara, mugihe yari mu mabanga ajanye n'umutekano mu mugambwe wiwe. Kugira yerekane icyo abanyagihugu bokora imbere y'igitero cohaba, yiganye umwibutsa w'i Kirundi, avuga ishaka ry'abanyagihugu kuwobasotora wese.

Igice carwanijwe mw'ijambo ryiwe atagukekeranya kari muvuye yashikirije bibabaje: « erega ni ukwicana », azana icyumviro c'intambara aho urupfu ari ibisanzwe. Ivyo bisa nibishira iruhande ugushobora gufata canke gufunga abarwanyi, naho itegeko mpuzamakungu ku

bantu rivuga ko umurwanyi wese yishikanye abwirizwa gufatwa nk'umuntu. Ako kamo cane cane kaje mucuka c'urudubi mu karere, kirangwa n'intambara zikaze hamwe n'ububisha n'ihonyanga ry'agateka k'abarwanyi bafashwe.

Mu cuka gisanze ari kibi, amajambo ya Révérien Ndikuriyo yasa nk'isamirana ry'ibitero biboneka bigomba gusubira.

Impinyanyuro yiwe, rimwe na rimwe idudurirako kandi itomoye, yari ukugabisha abarwanyi, ifatiro ryo ku ntambara zo muri kahise, hamwe n'umuhango wo kubasinzikaza hamwe botera. Urugero rw'ijambo rya poritike ku ntambara hamwe no ku boyitabira, yabaha ihangiro ritomoye: abatera ubwoba Uburundi nibatere. Ariko rero, irandira ryiwe avuga ko ari nkenerwa kwica umwansi bizana ikibazo gikomeye co kwubaha amategeko y'intambara z'abitwaje ibirwanisho hamwe n'uruhara ntabanduka rw'imvugo ya poritike mugihe bisanzwe bihuha.

1.3. UMWIHWEZO W'INTWARO

Gusubira guha amatongo ya Reta abagwizatunga bigenga kugira bayarime

Kuwa 21 Myandagaro 2026, i Gitega, umushikiranganji wa mbere Nestor Ntahontuye yarafashe ijambo kugira atangaze umugambi wipfujwe kandi uhindura ibintu wa Reta y'Uburundi: guha agaciro amatongo ya Reta kugira yishure ivyipfuzo vy'agasakisaki vy'abarimyi n'aborozi. Uwo mugambi wipfujwe muvuye ukuri ugamije gushikiriza abarimyi n'aborozi, bashoboye gukoreramwo bibereye, amatongo y'agaciro ya Reta. Aho kureka ayo matongo, ashobora gusahiriza itunga ry'igihugu, hamwe n'icyo misozi miremire n'amashamba ubu atakibikoreramwo, ngo bisubire inyuma, ni ngombwa ko hagira igikozwe kugira bayakamisha. Kugira bafate mu mugongo icyo ntambwe nyamukuru, ibanki CRDB Bank Burundi iratanga ingurane ku rugezo rwo kuyungukira rutavuna rwa 5 %, ikoresheje ibahasha ry'amahera afadika rya miriyaridi 300 ry'amahera y'amarundi ryagenewe uwo mugambi.

Akikijwe nibihangane nk'umushikiranganji w'ibidukikije, uburimyi n'ubworozi Calinie Mbarushimana, umushikiranganji w'ubutunzi, Dr Alain Ndikumana, hamwe n'umuyobozi mukuru w'uburungozi Frédéric Siwale, umushikiranganji wa mbere yarashikirije yivuyinyuma akamaro nta ngere ko gutera intege imigambi y'uburimyi n'ubworozi ku rugero rwisumbuye, ari nkenerwa kw'iterambere ry'ubutunzi bw'igihugu. Ivyipfuzo vy'uwo mugambi birimwo imice itandukanye nk'uburimyi bwa kijambere bukoresha ubuhinga bugezweho, hamwe n'ubworozi bw'ibitungwa vy'ubwoko

bwinshi n'ubworozi bw'inzuki bufise akamaro kanini.

Umushikiranganji Mbarushimana yarongeyeko ko ubuhinga bwo kurondera amatongo ya Reta no kuyaharura bwisanzuye bwatangujwe, mu ntumbero yo kumenya neza amatongo ashobora kuja muri uwo mugwi w'ayahabwa agaciro.

Abantu biraba, cane cane abipfuzaga gutangura imirimo yabo guhera mu gice c'irima cimirije, baratewe intege bikomeye kugira bayasabe vyihuta. Ivyo ngombwa batanga bibwirizwa kubamwo ikete ry'umushikiranganji, urupapuro rwa buramatari w'intara rwemeza umugambi watanze, hamwe n'urutonde ruramvuye rudondora ibikorwa biteganyijwe, uburyo bukenyerwa buzoshirwaho n'ivyo wipfuzaga gushikako nk'umusaruro.

Uwo mugambi ufise intumbero yanyuma yo guhindura igisata c'uburimyi n'ubworozi vy'u Burundi, mu gushira imbere uburimyi burama hamwe n'iterambere ry'ubutunzi bw'igihugu.

1.3. UMWIHWEZO W'INTWARO (Ibikurikira urupapuro 7)

Abakuru b'intaha ku mitumba bagirizwa ubusuma muri komine Bururi, intara ya Burunga.

Inkuru yashikiriye umuhari Iteka kuwa 22 Myandagaro 2026 ivuga ko kuwa 25 Mukakaro 2026, uwitwa Kabura, umunyezamu kw'ishure shingiro Bamba, riri ku mutumba Jungwe, muri zone Bamba, komine Bururi, intara ya Burunga, yacakiwe afise umwangow'icuma yari ahejeje gusambura ku kazu ka surwumwe k'iryo shure.

Kubwo amasoko dukurayo, uwo munyezamuyasiguye ko yari atwaye uwo mwango kw'itegeko ry'umushingantahe Thierry Irambona, umukuru w'intaha yo ku mutumba Jungwe, yari yabimutumye. Kubwo ivyabona vyaho, Kabura yaranemeye ko amaze guha urundi rugi rw'iyi shure nyene Thierry Irambona, amuhaye amahera angana na 10 000 fbu.

Umunyezamu uwo musu nyene yaratwawe mu

gasho k'igiporisi ka zone Bamba kumvo z'amatohoza, imbere yo kurekurwa bukeye bwaho. Kuva icyo gihe, abantu baribaza kumvo zatumye Thierry Irambona, avugwa muri icyo, atarigera ahagarikwa canke ngo yumvirizwa n'ababijejwe. Abavyeyi b'abanyeshure baridogera ivyo bafata nk'uburyo bwo kudahana. Bagiriza umukuru wa zone Bamba, Ildephonse, ko yerekanye ko afise uruhara murivyo, na cane cane ko abantu bagirizwa ari abo mu mugamwe wiwe CNDD-FDD.

Ababa muri zone Bamba babaza abarongizi mu butungane kugira amatohoza yimbitse hamwe no kwerekana umuco kuri icyo kugirango abagirwa bishure ivyo bakoze hakurikijwe itegeko kandi urugi rwa mbere bari bamaze kwiba rusubizwe ishure.

Reta yatanguje gufungurira abanyeshure bashika 4 000 muri kaminuza y'u Burundi

Reta y'Uburundi itegekanya gusubira guhera muri Nyakanga 2026, ibikorwa vyo gufungurira abanyeshure 4 000 ba kaminuza y'u Burundi kubwo itangazo ry'umuyobozi wa kaminuza y'u Burundi, Prudence Bararunyeretse.

Kubwo umuyobozi, Reta yatanze imiriyaridi 11 z'amahera y'amarundi kugira bikunde gufungurira abanyeshure bari mu bigo vya Muganga, Kamenge, Kiriri, Rohero na Zege. Ariko rero, igitigiri c'abanyeshure bazofungurirwa bishobora kuzovana n'uburyo buhari.

Iyo ngingo ije inyuma y'imyaka myinshi hahagaritswe gufungurira abanyeshure muri kaminuza. Kuva 2018, abanyeshure ba kaminuza y'u Burundi babwirizwa kwirihira bonyene uburaro n'imimfungurwa vyabo mu makaratiye atandukanye y'i Bujumbura hamwe no mu micungararo yaho.

Ku barongozi b'amakaminuza, ivyo vyaragize

ingaruka ku buryo bigamwo kandi nk'inkurikizi, ku kanovera k'inyigisho. Abanyeshure benshi, cane cane abavuka mu miryango itifashe, basanze bari mu ngorane z'uburyo hamwe n'ukubaho ku mangenge, bituma rimwe na rimwe bakoresha inguvu cane mu kurondera uko bobaho gusumba ku vyigwa vyabo.

Umuyobozi Prudence Bararunyeretse we nyene aremera ko ihagarikwa ry'ugufungurirwa ryagize uruhara mw'itituka ry'akanovera k'inyigisho muri kaminuza y'u Burundi. Afata ko uguteza imbere ukubaho kw'abanyeshure ari ngirakamaro mu guteza imbere ubumenyi muri kaminuza. Igice c'imyiteguro coba caratanguye, kaminuza y'u Burundi irafise nk'inyubakwa z'igikoni zasubiwemwo hamwe n'ibikoresho bikoreshe mu gikorwa co kubafungurira gishoboke. Umuyobozi aributsa kurundi

1.3. UMWIHWEZO W'INTWARO (Ibikurikira urupapuro 8)

ruhande Reta kuduza bukebuke igitigiri c' abanyeshure bakirwa mu buraro bwa kaminuza. Kubwiwe, kaminuza yakira urwaruka rwinshi ruva mu mihingo bakenye bishoora gutuma bayoberwa kubera ukuntu babayeho mugihe bakwirikirana ivyigwa. Ugusubira gufungurira abanyeshure gutyo biri mu mpinduka zategekanijwe n' ubushikiranganji bw'indero hamwe n' ubushakashatsi. Vyerekana ukugaruka kuvyari vyarahabwe mu ntumbero y'imigambi yo kugabanya amahera akoreshwa na Reta.

Ikiganiro ku buryo abanyeshure babayemwo bije kandi mu ntumbero y'umwitwarariko ukomeye kuvyerekeye akanovera k' indero. Ukugara bukebuke amashure menshi y'uburaro mu mashure yisumbuye vyari vyatumye uruhara rw'ugukwirikirana abanyeshure ruja ku miryango. Hasubijweho ugufungurira abanyeshure ba kaminuza, abarongozi bizera ko hazoshirwaho uburyo bwiza bwo kwiga kandi bazozamura umwimbu hamwe n'akanovera k'inyigisho zitangwa muri kaminuza y'u Burundi.

II. UBURENGANZIRA BWO KWIGENGA NO MURI PORITIKE

II.1. UBURENGANZIRA KU BUZIMA

II.1.1. ABANTU BISHWE N'ABANTU BATAMENYEKANYE CANKE IBIZIGA VYATOWE

Ikiziga catowe muri komine Mwaro mu ntara ya Gitega

Kuwa 17 Myandagaro 2026, hafi y'isaha imwe yo mu gitondo, ku gacimbiri Gitwa, ku mutumba Gihinga, muri komine Mwaro, mu ntara ya Gitega, ikiziga c'umugabo w'imyaka hafi 60, avuka mu Mbogora muri komine Nyabihanga caratowe. Ku bwo ivyabona vyo mukarere, uwo yatowe ikiziga yari umukozi mu

muryango wegereye aho yatowe kandi yari yacumiswe imbugita mu nda.

Abantu 2, umwe yotsa inyama mu bunywero bwo muri karatiye Ruvumera yo muri iyo komine nyene barahagaritswe n'igiporisi ku mutaga igenekerezo rya 17 Myandagaro 2026.

Ikiziga catowe muri komine Mukaza mu ntara ya Bujumbura

Mw'ijoro ryo kuwa 18 rishira uwa 19 Myandagaro 2026, kw'ibarabara « Avenue du large », muri karatiye Kibenga, muri komine Mukaza, mu ntara ya Bujumbura, ikiziga ca Raphaël HAKIZIMANA, umukozi wa BBN (Ibiro vyo mu Burundi bijejwe gusuzuma ubuziranenge bw'ibidandazwa), caratowe .

Kubwo ivyabona vyaho, umuhisi yari yavuye muhira iwe muri karatiye Mugoboka hafi

y'isaha zitandatu z'ijoro kuwa 18 Myandagaro 2026 atavuze iyo agiye kandi yasohotse mu nzu ahejeje kwitaba terefone y'umuntu atazi. KU bwo ivyo vyabon nyene, ikiziga ca Raphaël HAKIZIMANA nta gikomere na kimwe cari gifise, bibaza ko yoba yaranizwe. Abakoze iryo bara hamwe n'imvo z'ubwo bwicanyi ntiburamenyekana.



Uwo uri wese ubahirizwa

II.1.2. ABANTU BISHWE KUBERA UKWIIHORA

Umuntu yishwe muri komine Kayanza mu ntara ya Butanyerera

Mw'ijoro ryo kuwa 18 Myandagaro 2026 hafi y'isaha zitatu z'ijoro, muri karatiye Mukoro, muri komine Kayanza, mu ntara ya Butanyerera, Jean Paul IRADUKUNDA, w'imyaka 24, yarishwe n'umugore wiwe Nadine IRANKUNDA w'imyaka 21. Kubwo ivyabona vyaho, ababanyi b'urwo rugo bamenyesha ko ubwo bwicanyi bwoba bwavuye ku matati ajanye n'imitungo yo mu muryango. Ivyo vyabona nyene bimenyeshako umugore Nadine IRANKUNDA yagerageje guhunga inyuma yogucumita umugabo wiwe mu rubavu no mu gikiriza. Ku metero nke bamukurikiye, ayo makuru asigura ko Jean Paul IRADUKUNDA yaraguye hasi hanyuma arapfa. Ayo makuru aremezwa na musitanteri wa komine Kayanza Godefroid NIYONIZIGIYE yongera ko uwakoze iryo bara ari mu minwe y'igiporisi c'inyamiramabi mu kurindira ko acibwa urubanza hakurikijwe amategako. Kuwa 21 Myandagaro 2026,

urubanza rwaraburanishijwe kandi Nadine yahisemwo guserukirwa n'umwunganizi, kandi uwaburanisha yarahaye uwagirizwa uburenganzira urwo ruhusha. Sentare y'intango ya kayanza yafashe ingingo yo kumupfunga ubuzima bwiwe bwose hamwe n'ihadabu y'imiriyoni 20 z'amahera y'amarundi kuri Irankunda Nadine kuba yishe umugabo wiwe Iradukunda Jean Paul mw'ijoro ryo kuwa 18 rishira kuwa 19 Myandagaro 2026. Uwo mugore w'umwana umwe yaremeye icaha mu kumenyesha ko ibitari bukosorwe vyakozwe ku mpanuka. Umuryango wamenyesheje imbere y'abacamanza ko yashaka gucumita umugabo wiwe ku kuboko ariko kubwo amahingwe make imbugita icitumbera mu mutima. Uwagirie n'icaha nyiyafashijwe n'umushingwamanza nkuko yari yavyipfuye. Ntiyaronse amahera akwiye yo kuriha umushingwamanza.

II.2. UBURENGANZIRA BWO KUDAHOTERWA MU MUBIRI NO MU VYIYUMVIRO

II.2.1. UGUFATWA KU NGUVU

Umuntu yafashwe ku nguvu mu Rumonge mu ntara ya Burunga

Kuwa 15 Myandagaro 2026, hafi y'isaha indwi z'umurango, ku mutumba gatobo, muri zone Rusabagi, muri komine Rumonge, mu ntara ya Burunga, Hafashimana Emelyne, w'imyaka 32, nyina w'abana batanu aba kuri uyo mutumba nyene yarafashwe ku nguvu n'uwitwa Nemeyimana Félix, Imbonerakure, agendesha ipikipiki wo kuri uwo mutumba nyene yaramuhagaritse igihe yaragiye mu rubanza. Kubwo uwo vyabayeko, yahuye n'uwo mugizi wa nabi mu nzira, yicaye afise n'inkinyobwa bita Bangala hanyuma arahaguruka agendera inyuma yiwe hanyuma amuhagarika kimwe na kimwe, acatangura kumukubagura hamwe n'umwana yarahetse mu mugongo. Yarakomye induru atabazaariko arabura

gitabara, kubera aho hantu hari kuri y'imihana.

Yamufashe ku nguvu inyuma yo kumutaburirako impuzu ziwe kandi yamusize afise ibikomere mu maso. Uwo yafashwe ku nguvu yarashoboye guterefona uwurongoye agacimbiri aca amujana ku kigo c'ubuzima ca Gatobo aho yarwariye iminsi 3 kugira akuriiranwe, avurwe. Asohotse ibitaro, yaritwaye muri komisariya ya komine kugira akwirikiranwe n'ubutungane. Uwiye kw'icaha yarahunze abifashijwemwo na mwenewabo arongoye umugambwe uri ku butegetsi CNDD-FDD muri zone. Kubwo ivyabona vyo mu karere, indongozi zaho ntizamenyesheje ivyo vyabaye.

Umukobwa muto yafashwe ku nguvu muri komine Rumonge mu ntara ya Burunga

Inkuru yashikiriyeye umuhari Iteka kuwa 17 Myandagaro 2026 ivugako kuwa 11 Myandagaro 2026, ku mutumba Rutumo, mu gace ka Kiyonza, muri zone Minago, muri komine Rumonge, mu ntara ya Burunga, Irakoze Anastasie, w'imyaka 6, aya kuri uyo mutumba nyene

yafashwe ku nguvu na Mandela Wilson, w'imyaka 16, ubu aba mu Rutumo, avuka muri komine Muhuta.

Kubwo amasoko yaho, uwiye kw'icaha yahuye n'umwana avuye kw'isoko hanyuma amujana mu

II.2. UBURENGANZIRA BW'UKUDAKUBAGURWA (Ibikurikira urupapuro 10)

murima w'imyumbati kugira amshurashuze.Uwo mukobwa yatashe muhira agenda ararira hanyuma nyina wiwe aratabazwa kandi yabimenyesheje indongozi zaho imbere yo kumujana ku kigo c'ubuvuzi ca Rutumo hanyuma arungikwa ku bitaro bikuru vya Rumonge kugira akwirikiranwe,avurwe.Uwikekwako ica

arahagaritswe kuwa 19 Myandagaro 2026 hanyuma apfungwa muri komisariya y'igiporisi mu Rumonge. Tumenyeshe ko inyifato y'intwari zo hasi bafashe ivyo bintu mu ntoki kugira babahuze ivyatumye uwakoze ico caha adafatwa hakiri kare ku mvo zo gukora amatohoza yimbitse n' ababijejwe.

II.2.2.UGUKUBAGURWA NO GUFATWA BUNYAMASWA

Uwagirizwa ubusuma yacumiswe aranaturirwa muri komine Mpanda mu ntara ya Bujumbura

Mw'ijoro ryo kuwa 18 Myandagaro 2026, hafi y'isaha zibiri, ku mutumba Busonga,muri komine Mpanda mu ntara ya Bujumbura, Jean-Claude Kenese,uwikekwako ubusuma,ava kuri uyo mutumba, yarakubaguwe, aracumitwa hanyuma araturirwa n'Imbonerakure zamufatanye umufuko yivye.

Kubwo amasoko yaho, yatawe yataye ubwoba kandi bamuta nk'uwugiye gupfa mw'itongo atawuririmwo ry'

umuntu yitwa Didace,umusore yatowe n'abavyeyi wiwe aremuye. Abo bavyeyi,bamunyarukanye kwa muganga bamuhetse ku bitaro vy'i Gihanga.

Kubwo ayo masoko nyene, uwo yakubiswe yaheruka guhunguka ava muri RDC kandi nta buryo afise bwo kwivuka. Uwo muni,abakoze ayo mabi ntibigeze bashaka kubamenya ntibanakurikiranwe.

II.3. UBURENGANZIRA BWO KWIDEGEMVYA

II.3.1. UGUHAGARIKWA BIDA KURIKIJE AMATEGEKO

Ukutihanganiranira muri poritike muri komine Gisagara yo mu ntara ya Buhumuza vyatumye haba uguhagarikwa bidakurikijwe amategeko

Kuwa 18 Myandagaro 2026, ku mutumba Runihira, zone Mwiruzi, komine Gisagara,intara Buhumuza, Ephreum Toyi wo kuri uwo mutumba yariko anyonga ikinga yaragonganye n'umukuru w'umutumba Runihira yitwa Hermes nawe nyene yari kw'ikinga.Ephreum Toyi yagirijwe ko yateje iyo sanganya abishaka kandi baciye bamutwara mu gasho ka komine Gisagara. Ashitse mu gasho,yagirijwe ibintu 3 bikomeye :guteza isanganya umukuru w'umutumba,kuba umudandaza umudandaza w'ibinyobwa bitemewe n'amategeko hamwe no kuba umunywanyi w'umugambwe FNL,ishami rirwana rya Aloys Nzabampema (umuvyonzi) Kubwo amasoko yaho, Ephrem Toyi yarasabwe kenshi kwinjira mu mugambwe CNDD-FDD kandi wewe yaravyanse.

Vyongeye,yoba yarankiye umugore wiwe kuja gutamba mu mugwi w'abakenyererarugamba,umuhari w'abakenyezi baturikiye mu mugambwe uri ku butegetsi. Ephrem Toyi yapfungiwe mu gasho ka komine Gisagara kandi yarekuwe ku mus iwa mbere igenekerezo rya 24 Myandagaro 2026 atanze ihadabu ry'amahera angana na 2.000.000 fbu,ivyo abaharanira agateka ka zina muntu bita uguhonyanga agateka ka zina muntu ku mugaragaro.

Ugutanga iryo hadabu vyararemereye caane umuryango wa Toyi Ephreum kubera mu kuriha ayo mahera wagurishije ikivi c'itongo.



Uwo uri wese ubahirizwa

III.1. IHUNGABANA RY'UBUTUNZI

Amakenga ku muriro ushobora kwaduka mu masoko mu ntara ya Bujumbura

Kuva muri Myandagaro 2026, isekeza ryo gusubira gutunganya ryaratanguye mu masoko menshi ya kijambere mu ntara ya Bujumbura. Abakozi ba komine, abakomiseri b'amasoko ndetse n'indongozi zaho z'umugambwe CNDD-FDD bashiramwo imitahe cane. Naho bariko barasubira kwubaka mu vyuma yategetswe ku bafise amazu y'ubudandarizo bose, hamwe no kubuza kudandaza amavuta yo kwisiga ndetse n'amavuta yo guteka mu masoko, amakenga menshi arashikirizwa n'abadandaza:

Intege nke zo guhakwa gusha: Kuva kw'isoko ryo mu Gasenyi (Bukinyanya) gushika muryo mu Cibitoke zose zisheruka gusha, guca mw'isoko ryo mu Rugombo gushika kuryo mu Nyeshenza n'iMabayi, Ikimodoka kimwe kizimya umuriro nico kihari kuri kirindiro co mu Cibitoke.

Kubwo amasoko yaho, iyo ngendeshwa, ifasha kenshi kuzanira amazi abaporisi kumvo z'ikenya ry'amazi rikora ku baba mu gisagara. Ubugenduzi bwikekwa: Abantu batazwi bikekwa kuba ari abakozi b'iperereza, barazunguruka amasoko muri iyi minsi. Kubw'ivyo bashikiriza, batangura kugenzura « inzira zateguwe, ingendeshwa zizimya umuriro zicamwo » naho amasoko amwe amwe, nk'iryo mu Nyeshenza, mu Cibitoke no mu Gasenyi, atan'imwe ifise.

Ubutumwa bukoma akaruru: ku rundi ruhande imbere y'abikekwa b'abakozi batazwi, abandi bantu baje nk'abavugishwa bazunguruka mu masoko ya Mabayi, Nyeshenza na Rugombo. Bavuga ko ari « ibihano vy'Imana » vyaguye kuri izo nyubako, bemeza ko abadandaza benshi bahakorera imirimo iteye kubiri n'ishaka ry'Imana.

Umuriro aturiye ugatongora inyubakwa z'igorofa 2 y'ubudandarizo hagati mu gisagara ca Bujumbura

Kuwa 21 Myandagaro 2026, mu gitondo, igitongorero c'umuriro caraturiyeye inzu zibiri z'ubudandarizo ziri hagati mu gisagara ca Bujumbura, Inyubakwa ya Ndayizamba n'ya Le Parisien. Izo nyubakwa 2 zose zisa nizahiye zirakombera, zihitana ibintu vyinshi vy'abadandaza.

Kubw'ivyabona hamwe n'abadandaza bari ngaho, umuriro watanguriye mu nyubakwa ya Ndayizamba imbere yo kurandagata buhoro buhoro inyubakwa Le Parisien, vyegeranye. Naho ingendeshwa zifasha kuzimya umuriro zahanyarukiye, urubeya rwabandanije kurandagata, bituma hagarana ibikorwa vyo kuzimya.

Agahinda niko kari aho. Mu marira menshi, abadandaza bemeza ko hahiye ibidandazwa vyabo vyose. Bamwe bavugaho bahomye imiriyaridi myinshi y'amafaranga y'amarundi, naho ibiharuro nyavyo bitaashirwa ahabona.

Abadandaza bo muri Le Parisien nabonyene baranegura uburyo bagerageje kwokora ibidandazwa vyabo. Bemeza kuba bararitswe n'abajejwe umutekano gukingira ibidandazwa vyabo mugihe umuriri wari ukiri munyubakwa ya Ndayizamba. Naho bakoresheje iguvu zabo, bararorereye ataco abari bukore irandagata ry'umuriro gushika ku nyubakwa yabo.

Aho umuriro waturutse ntiharamenyekana. Amatohoza yotumye vyoroha kumenya imvo nyazo z'uwo muriro.

Izo nyubakwa ukwo ari 2, bakira kenshi abadandaza bavuye mu yahoze ari isoko nkuru ya Bujumbura, yaturawe n'umuriro muri 2013. Yari yacitse, kuva icyo gihe ikibanza gikomeye mu rudandazwa rw'abanyamitahe.

Indongozi nyinshi zo mu Burundi zarishikiye aho kugira barabe uburemere bw'ivyononekaye Icegera c'umukuru w'igihugu, yarahojeye abadandaza bakozweko n'uyo muriro kandi amenyeshe ko hokwiyumvirwa uburyo bwo gusubira ku mirimo.

Icegera ca mbere c'umukuru w'igihugu, ku ruhande rwiwe yateye intege abadandaza gukingiza ibidandazwa vyabo mu mashirahamwe yo gukingira kugira bikingire neza ku ngarukambi nk'izo zishobora kwaduka.

Yavuze kandi ko umuriro ushobora kuba waturutse kw'ipasi, ivyatangaje abantu benshi bari ngaho.

Iryo bara rije mugihe amasoko menshi yo mugihugu, nk'iryo mu Kinama, Ngozi na Cibitoke, nazo zahiye

III.1. IHUNGABANA RYUBUTUNZI(Ibikurikira urupapuro 12)

mu mezi aheze.Ivyononekaye mu nyubakwa ya Ndayizamba n’iya Le Parisien biracaharurwa. Abadandaza barashikiriza amakenga yabo ko hashobora kuba ubukene bukomeye kandi basaba ibikorwa vyihuta kugira ibikorwa bisubire gutangura.

III.2. UBURENGANZIRA KU NDERO

Abanyeshure baheba amashure biyongereye muri komine Muramvya mu ntara ya Gitega.

Muri uyu mwaka w’ishure 2025-2026, igitigiri c’abaheba amashure muri komine Muramvya biteye ikibazo cane . Amashure nshingiro niyo bikorako cane.

Kubwo uwurongoye igisata c’indero muri komine Muramvya, U,ushingantahe Habonimana Remy, imvo namukuru zo guheba amashure: ubukene,inda zitipfujwe, indwara,ukwimuka mu miryango,ukwubaka hakiri kare n’ibindi.

Kubw’amatohoza yakozwe kuba nyagihugu, ubukene bwoba ari yo mvo nyamukuru y’ubwo bukene.

Gutyo,ibitigiri vy’abaheba kw’izone kw’izone,ku mice n’imigwi ni ibi:

⇒ MWISHURE NSHINGIRO

ZONE	ABAHUNGU	ABAKOBWA	BOSE HAMWE
Bugarama	92	44	136
Bukeye	88	64	152
Kibumbu	74	68	142
Mbuye	64	72	136
Muramvya	113	88	201
Nyarucamo	68	76	144
Shombo	48	70	118
Zose hamwe	547	482	1029

MWISHURE NSHINGIRO

ZONE	ABAHUNGU	ABAKOBWA	BOSE HAMWE
Bugarama	86	36	124
Bukeye	82	62	144
Kibumbu	72	64	136
Mbuye	68	60	128
Muramvya	123	92	215
Nyarucamo	54	68	122
Shombo	44	52	96
Zose hamwe	529	434	963

Uguheba amashure biteye amakenga muri komine Cankuzo mu ntara ya Buhumuza

Inkuru yashikiriye umuhari Iteka kuwa 17 Myandagaro 2026 ivuga ko muri komine

III.2. UBURENGANZIRA KU NDERO(Ibikurikira urupapuro 13)

Cankuzo mu ntara ya Buhumuza, igitigiri c'abana 2880 (ishure nshingiro + n'ishure y'inyuma y'ishure nshingiro) barahevye ishure,uyu mwaka w'ishure 2025-2026. Ni irya mbere ibitigiri nk'ivyo vy'abaheba amashure bibonetse kandi biteye ubwoba. Kubw'

ivyabona vyo mu karere,n'abana b'abigisha, b'abayobozi,b'abadandaza n'iyindi miryango isa n'iyiteye imbere barahevye ishure.Kubwo ivyo vyabona nyene,ntibikiri ikibazo c'ubukene gusa,ukurondera ubuzi, ndetse n'izindi mvo,ni ukubihirwa n'inyigisho n'abahejeje bataronka akazi.

IV. UBURENGANZIRA KU MIGWI

IV. 1. UBURENGANZIRA KU BANA

Uruyoya rwishwe muri komine Karusi mu ntara ya Gitega

Kuwa 20 Myandagaro 2026, hafi y'isaha imwe y'ijoro ,ku gacimbiri Gasave, ku mutumbaRuvumu, muri zone Buhiga, muri komine Karusi,mu ntara ya Gitega, UWIMANA Aline, w'imyaka 19 ,yarahagaritswe n'umukuru w'umutumba hanyuma ajanwa mu gasho k'igiporisi muri zone Buhiga aho apfungiwe inyuma yo kuvyara umwana w'umuhungu kuwa 18 Myandagaro hanyuma amuta mu kazu ka surwumwe k'imetero 12 z'ubumanuka inyuma yo kumuniga. Kubw'ivyabona vyo muri ako karere,ako kazu ka surwumwe kari inyuma

y'inzu y'ububiko bw'ivyimburwa kuri uyo musozi kandi uwagirizwa gukora iryo bara yavuzeko hariho umugore babana yamuhenze mu kumubwira ko nyene inda atazokwemera umwana kandi aca amuha umuti w'ikirundi. Abo bagore 2 bapfungiwe hamwe kandi ikiziga c'urwo ruyoya rwarakuwe mu kazu ka surwumwe kuwa 22 Myandagaro 2026 hanyuma ahambwa mw'itongo ry'abapyyuye ryo kuri uyo mutumba nyene ,babifashijwemwo n'indongozi zaho.

Ikiziga c'uruyoya catowe muri komine Bururi mu ntara ya Burunga.

Kuwa 19 Myandagaro 2026, ku mutumba Gitwaro,muri zone Binyuro i vyanda, muri komine Bururi,mu ntara ya Burunga,ikiziga c'uruyoya rwatowe mu kazu ka surwumwe ku muhana wo kwa Ndayishimiye mu karere ka Mwura-Bukanda.

Kubw'ivyabona vyomu karere,batabajwe n'indongozi zaho, inyamiramabi hamwe n'abaporisi 2 barashitse aho vyabereye hanyuma batangura gukurayo ikiziga. Kubwo ivyo vyabona nyene vyo ngaho,uruyoya rwishwe kuwa 17 Myandagaro 2026 agiheza kumuvyara hanyuma

akamuta mu kazu ka surwumwe. Uwikekwako cane ni umukobwa yitwa Cynthia Niyogushima, w'imyaka 21,umukobwa wa Ndayishimiye na Émilienne Emerusabe.

Kuva kuwa19 Myandagaro 2026, Cynthia Niyogushima apfungiwe mw'ibohero ry'igiporisi co muri zone Binyuro kumvo z'amatohoza kubw'igiporisi. Abajijwe,umukobwa yemera ko yavyaye umwana yamaze gupfa,nikwo kwanka ivyo yagirizwa vyo kwica uruyoya.

Ugukorora inda ku bushake muri komine Karusi mu ntara ya Gitega

Kuwa16 Myandagaro 2026, ku mutumba Nyakabugu, muri zone kibumbwe,muri komine Karusi,intara ya Gitega, umugabo yitwa Joselyne, w'imyaka 25 yakoroye inda y'amezi 6 hanyuma amuhamba mu bitoke. Kubwo ivyabona vyo muri ako karere,yarahagaritswe kuwa 17 Myandagaro 2026 n'umukuru w'ikirindiro muri zone Kibumbwe abimenyeshejwe n'umuremeshakiyago wo kuri uyo musozi.Inyuma yo kubazwa,yagirije umuhungu bakundanye yitwa,Philbert,umunywany CNDD FDD,w'imyaka 48 ,ava ku mutumba Nyagoba, zone

Bugenyuzi dyo muri iyo komine nyene hamwe n'umutamakazi w'60,wo ku mutumba Ngoba muri zone Bugenyuzi. Uyo mutamakazi yahagaritswe ,uwateye inda Nawe yarahunze. Ubu,abo bagore 2, baramaze kurungikwa mw'ibohero rya komisariya ya KARUSI. Imvo yashikirijwe n'uyo mugore ni uko bashaka kubesha umugabo wiwe yari yagiye muri Ouganda kurondera akazi.

Umuhari Iteka uranegura wivuye inyuma itituka ry'agateka ka zina muntu ribandanya kwibonekeza mu Burundi kandi uriyamiriza kudahana abakoze amabi. Uhamagarira abatwara Uburundi gufata ingingo zose zishoboka kandi usaba ibi bikurikira:

Kuri Reta y'u Burundi :

1. Gukora amatohoza y'ubutungane ku mugaragaro intambwe kuyindi iyo hatowe ikiziga;
2. Guha uburenganzira imiryango yabuze bwo kwitura ubutungane hamwe no kuronswa ivyegeranyo vy'igipimo kiraba icatumye uwabo apfa, imbere yo gushingura uwabo;
3. Kugira amatohoza ku biziga bitorwa mu mihingo itandukanye y'igihugu kandi atanakimwe gikorwa na Reta,
4. Gufata ingingo zo gusezerera ukudahana amabi hamwe no guhasha abagirwa n'ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu bakishura ivyaha vyabo.
5. Gukora amatohoza no guhana bimwe bikomeye amabi akorerwa abana yabaye ndanse mu Burundi abatware hamwe n'abandi bo mu mugambwe uri ku butegetsi barorera.
6. Gufata ingingo zijanye no gukingira amasoko hamwe n'ayandi matungo rusangi b'ayo abantu biganzira.



Uwo uri wese ubahirizwa